

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPILKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

Tujuan umum nu hayang kahontal dina ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskripsiun hasil analisis validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017. Pikeun ngahontal jeung mikanyaho hal di luhur, dilakukeun panalungtikan kalawan ngagunakeun métode statistik déskriptif jeung statistik inférénzial, sarta téhnik ngumpulkeun datana ngagunakeun tés ulangan harian basa Sunda jeung lembar jawaban siswa kelas X jeung kelas XI nu lobana 6 pakét soal.

Sabada ngolah data jeung nganalisis data dina bab IV, ngeunaan analisis validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017, hasil ieu panalungtikan bisa dicindekkeun sarta ngahasilkeun saran-saran pikeun ngaronjatkeun kualitas soal hususna dina pangajaran basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab 4, temuan atawa hasil ieu panalitian dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Validitas eusi, yén tina soal dongéng 25 soal, aya 10 soal anu valid jeung 15 soal nu kudu dirévisi. Tina soal carita wayang jeung carpon 25 soal, aya 22 soal anu valid, 2 soal nu kudu dirévisi, jeung 1 soal anu teu valid. Tina soal guguritan 10 soal, aya 6 soal anu valid jeung 4 soal nu kudu dirévisi. Tina soal pakeman basa 20 soal, aya 11 soal anu valid, 8 soal nu kudu dirévisi, jeung 1 soal anu teu valid. Tina soal wawancara jeung pedaran budaya Sunda 25 soal, aya 11 soal anu valid, 13 soal nu kudu dirévisi, jeung 1 soal anu teu valid. Tina soal warta 10 soal, aya 5 soal anu valid, 4 soal nu kudu dirévisi, jeung 1 soal anu teu valid.

- 2) Validitas Empiris ditilik tina tingkat hésé babarina, nya éta soal dongéng anu babari lobana 13 soal anu sedeng lobana 8 soal sarta soal anu hésé lobana 4 soal. Tingkat hésé babarina soal carita wayang jeung carpon, soal anu babari

lobana 23 soal jeung soal anu sedeng lobana 2 soal. Tingkat hésé babarina soal guguritan, soal anu babari lobana 9 soal jeung soal anu sedeng lobana 1 soal. Tingkat hésé babarina soal pakeman basa, soal anu babari lobana 13 soal, soal anu sedeng lobana 6 soal, sarta soal anu hésé lobana 1 soal. Tingkat hésé babarina soal wawancara jeung pedaran budaya Sunda, soal anu babari lobana 22 soal jeung anu sedeng lobana 3 soal. Tingkat hésé babarina soal warta, soal anu babari lobana 10 soal atawa sakabéh soal. Jadi, tingkat hésé babarina soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 miboga tingkat hésé babari soal anu “handap”.

- 3) Validitas émpiris ditilik tina tingkat daya pangbéda, soal dongéng wangun pilihan ganda kelas X miboga daya pangbéda soal anu “cukup”, lantaran 65% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap, sedengkeun soal dongéng wangun ésay kelas X miboga daya pangbéda soal anu “cukup”, lantaran 60% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap. Soal carita wayang jeung carpon wangun pilihan ganda kelas X miboga daya pangbéda soal anu “handap”, lantaran 45% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap, sedengkeun soal carita wayang jeung carpon wangun ésay kelas X miboga daya pangbéda soal anu “luhur”, lantaran 80% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap. Soal guguritan wangun ésay kelas X miboga daya pangbéda soal anu “handap”, lantaran 40% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap. Soal pakeman basa wangun pilihan ganda kelas XI miboga daya pangbéda soal anu “handap”, lantaran 46,6% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap, sedengkeun soal pakeman basa wangun ésay kelas XI miboga daya pangbéda soal anu “cukup”, lantaran 60% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap. Soal wawancara jeung pedaran budaya Sunda wangun pilihan ganda kelas XI miboga tingkat daya pangbéda soal anu “handap”, lantaran 45% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap, sedengkeun soal wawancara jeung pedaran budaya Sunda wangun ésay kelas

XI miboga daya pangbéda soal anu “luhur”, lantaran 80% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap. Soal warta wangun ésay kelas XI miboga daya pangbéda soal anu “handap”, lantaran 40% soal bisa ngabédakeun antara siswa kelompok luhur jeung kelompok handap. Jadi, tingkat daya pangbéda soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 miboga daya pangbéda soal anu “cukup”.

- 4) Tingkat réliabilitas soal dongéng wangun pilihan ganda kelas X miboga tingkat réliabilitas 0,64, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “luhur”, sedangkan tingkat réliabilitas soal dongéng wangun ésay kelas X miboga tingkat réliabilitas 0,33, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “handap”. Soal carita wayang jeung carpon wangun pilihan ganda kelas X miboga tingkat réliabilitas -0,092, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “handap pisan”, sedengkeun soal carita wayang jeung carpon wangun ésay kelas X miboga tingkat réliabilitas -0,27, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “handap pisan”. Soal guguritan wangun ésay kelas X miboga tingkat réliabilitas 0,088, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “handap pisan”. Soal pakeman basa wangun pilihan ganda kelas XI miboga tingkat réliabilitas 0,40, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “sedeng”, sedengkeun soal pakeman basa wangun ésay kelas XI miboga tingkat réliabilitas 0,45, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “sedeng”. Soal wawancara jeung pedaran budaya Sunda wangun pilihan ganda kelas XI miboga tingkat réliabilitas 0,82, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “luhur pisan”, kitu ogé soal wawancara jeung pedaran budaya Sunda wangun ésay kelas XI miboga tingkat réliabilitas 0,82, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “luhur pisan”. Soal warta wangun ésay kelas XI miboga tingkat réliabilitas 0,39, hartina tingkat réliabilitas éta soal téh kaasup kana tingkat “handap”. Jadi, tingkat réliabilitas soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 miboga tingkat réliabilitas anu “cukup”.

- 5) Tingkat layak henteuna soal dongéng nya éta aya 16 soal anu layak, 2 soal nu kudu dirévisi jeung 7 soal nu kudu diganti. Soal carita wayang jeung carpon, aya 13 soal nu kudu dirévisi jeung 12 soal nu kudu diganti. Soal guguritan, aya 5 soal nu kudu dirévisi jeung 5 soal nu kudu diganti. Soal pakeman basa, aya 10 soal anu layak, 3 soal nu kudu dirévisi, jeung 7 soal nu kudu diganti. Soal wawancara jeung pedaran budaya Sunda, aya 2 soal anu layak, 12 soal nu kudu dirévisi, jeung 11 soal nu kudu diganti. Soal warta, aya 2 soal anu layak, 2 soal nu kudu dirévisi, jeung 6 soal nu kudu diganti. Jadi, tingkat validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 miboga tingkat layak henteuna soal anu “handap”.

## 5.2 Implikasi

Hasil ieu panalungtikan némbongkeun yén tingkat validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 miboga tingkat layak henteuna soal anu “handap”, hartina loba soal anu kudu dirévisi atawa diganti.

Hasil tina ieu panalungtikan méré sawatara implikasi, di antarana:

- 1) implikasi ka guru sangkan dina nyieun jeung nyusun soal kudu merhatikeun validitas eusi soal nu ngawengku: pituduh soal, patalina rumusan soal jeung indikator, jelas henteu jenis penilaian jeung indikator, jelas henteuna instrumén jeung matéri anu diujikeun, rumusan basana kudu komunikatif, kecap jeung kalimah nu digunakeun kudu gampang dipikapaham, sarta format/layoutna kudu bener;
- 2) salian ti éta guru ogé kudu merhatikeun tingkat hésé babarina soal, soal anu hadé nya éta soal anu sedeng, hartina soal téh teu babari teuing henteu hésé teuing;
- 3) implikasi kana kinérja guru basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kualitas ngajar, utamana dina ngaévaluasi hasil diajar siswa sangkan ngagunakeun alat té anu valid jeung réliabel;

- 4) implikasi ka siswa yén hasil ulangan harian basa Sunda mangrupa kamampuh siswa dina nyangkem matéri. Ku kituna, siswa dipiharep bisa ngaronjatkeun pangaweruhna dina pangajaran basa Sunda.

### **5.3 Rékoméndasi**

Nilik kana hasil panalungtikan, aya sawatara hal nu perlu diperhatikeun, di antarana nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Hasil panalungtikan nuduhkeun yén tingkat validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 nya éta handap. Ku kituna, soal-soal ulangan harian basa Sunda loba nu kudu dirévisi;
- 2) Ku lantaran tingkat validitas jeung réliabilitas soal-soal ulangan harian basa Sunda di SMK Islamiyah Kiarakuda Ciawi semester 2 taun ajaran 2016/2017 miboga tingkat layak henteuna soal anu handap, dina nyieun soal guru kudu bisa nyaluyukeun jeung téhnik penilaian nu aya dina kurikulum 2013 sarta matéri anu ditepikeun di kelas kudu saluyu jeung Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar (KIKD);
- 3) Ieu panalungtikan nganalisis butir soal ulangan harian basa Sunda, sangkan hasilna maksimal, perlu diayakeun deui panalungtikan anu nganalisis butir soal ulangan harian basa Sunda di tingkat SMK;
- 4) Dina nyieun soal, guru kudu merhatikeun sababaraha hal, di antarana:
  - (1) guru kudu merhatikeun tingkat validitas eusi soal, nu ngawengkeu: pituduh soal, patalina rumusan soal jeung indikator, jelas henteu jenis penilaian jeung indikator, jelas henteuna instrumén jeung matéri anu diujikeun, rumusan basana kudu komunikatif, kecap jeung kalimah nu digunakeun kudu gampang dipikapaham, sarta format/layoutna kudu bener;
  - (2) guru ogé kudu merhatikeun tingkat hésé babarina soal, soal anu hadé nya éta soal anu sedeng, hartina soal téh teu babari teuing henteu hésé teuing;
  - (3) sabada ngalaksanakeun tés, guru kudu nganalisis soal dumasar kana validitas jeung réliabilitas sangkan nyaho kana kualitas soal nu dipaké;

- (4) soal anu valid jeung réliabel bisa dijadikeun tép pikeun kahareupna, sedengkeun soal anu teu valid jeung teu réliabel kudu dirévisi atawa diganti.